LEMBAR KERJA PESERTA DIDIK

(LKPD)

Hari/Tanggal : Kamis / 27 Mei 2021

Nama : ….....

F. Latihan Ulangan

I. Pilih jawaban nu benerna!

1. Lamun usum ngijih, cai walungan biasana ....
   a. caah c. kotor
   b. saat d. hérang
2. Lamun balong kacaahan, biasana laukna ....
   a. dialaan c. kabawa palid
   b. diantepkeun d. tetep di balong
3. Walungan caah téh lantaran tangkal kai di gunung ....
   a. dituaran c. diantep
   b. digemukan d. dicéboran
4. Warga anu lemburna kacaahan biasana sok ....
   a. caricing c. ngarojay
   b. ngala lauk d. ngungsi
5. "Langit téh ... siga rék sabreg-bregeun hujan."
   Kecap anu merenah keur ngalengkepan titik-titik dina éta kalimah, nyaéta ....
   a. cangra c. lénglang
   b. angkeub d. poék
6. Lamun gunung bitu, biasana sok aya ....
   a. samagaha c. urug
   b. angin d. lini
7. *Usum ngijih* sarua hartina jeung ....
   a. usum halodo c. usum hujan
   b. usum mamaréng d. usum katiga
8. Hujan badag anu dibarengan ku angin ngagelebug, disebutna ....
   a. hujan és c. hujan ngagebrét
   b. hujan angin d. hujan ngaririncik
9. Lamun hujan ngiripis tur katojo ku panonpoé, sok muncul ....
   a. guludug c. katumbiri
   b. gelap d. kilat
10. Lamun panonpoé kahalangan ku bulan, di bumi bakal muncul ....
    a. samagaha c. hujan
    b. lini d. poék

LIVEWORKSHEETS